



Lisans pou kondi – Licencia de conducir

Eskplikasyon sou tip lisans pou kondi ki genyen ak pwosesis pou jwenn youn.

◉ Ki kote ou ka jwenn li?

Nan "Dirección de Transito" ki nan meri ki koresponn ak kote ou rete a.

◉ Konbyen klas lisans ki genyen ?

Men klasifikasyon prensipal lisans yo :

1-Pwofesyonèl

Klas A : genyen 5 lisans nan klas A, sa depan de si se pou kondi machin k ap transpòte moun (taksi, bis, anbilans, ak transpò lekòl) oubyen pou machin ki ka pote chaj ki plis ke 3.500 kg

2-NON PWOFESEYONÈL

KLAS B : pou machin patikilye tankou oto, kamyonèt, minibis ak gwo bis.

KLAS C : pou veyikil ki gen 2 a 3 kawouchou tankou motosiklèt ak moto ki gen 3 kawouchou

3-ESPESYAL

KLAS D : pou machin otomotris tankou traktè, bouldozè ak lòt

KLAS E : machin pou transpòte animal

KLAS F : pou kondi machin nan lame peyi a, polisye ak ponpye.

Lisans pwofesyonèl yo abil pou kondi veyikil patikilye klas B yo.

◉ Kisa mwen bezwen fè pou m ka jwenn lisans pou premye fwa?

- Sètifika etid segondè
- Kat idantite
- Genyen 18 lane, eksepsyonèlman 17 lane
- Egzamen teorik
- Egzamen pratik
- Egzamen medikal sikoteknik (yon egzamen sikolojik e Teknik pou yo wè siw ka kondi) ak pou zye.

◉ Konbyen tan pwosesis la pran?

Li varye an fonktyon nan ki meri ou ale aplike . Men an jeneral aprè ou fin bay egzamen an yo ka ba w lisans lan pandan jounen an.

◉ Ki dire lisans la genyen?

- Lisans non pwofesyonèl yo (B ak C) dire 6 lane.
- Lisans pwofesyonèl yo dire 4 lane
- Lisans espesyal yo dire 6 lane

Pakont yo ka redwi sou delè lisans la pou koz espesyal tankou itilizasyon linèt ak lòt

◉ Koman yo ka renouvle yon lisans?

Ou dwe ale nan Dirección de Transito ki nan meri kote w rete a epi w reyalize pwosesis sa yo:

- Ale ak ansyen lisans la ak kat idantite ou.
- Bay egzamen refleks ak vizyon (zye).
- Si se pwofesyonèl, w ap pran egzamen teori a tou.

◉ Si yo vòlè lisans mwen oubyen mwen pèdi l, kòman m ka jwenn yon lòt?

Mande yon kopi akonpanye ak dokiman ki pwouve ke yo bloke lisans nan sèvis Registro Civil, kat idantite e peye yon frè nan meri a pou jwenn yon lòt lisans.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.